

BAB III METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Méthode déskriptif. Alesan pangna ngagunakeun Méthode déskriptif ieu panalungtikan téh bakal nganalisis sarta ngaklasifikasikeun data. Data anu baris didéskripsikeun nya éta adegan pragmatis kalimah paréntah, anu ditilik dumasar kana kategori, adegan , jeung harti.

3.1.2. Tehnik Panalungtikan

Tehnik panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu kudu digunakeun dina metode anu tangtu pikeun meunangkeun data. Tehnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta dokumentasi, lantaran datana mangrupa data tinulis nu dicokot tina kumpulan carpon Dukun Lepus karangan Ahmad Bakri.

Hal ieu luyu jeung pamadegan Arikunto (1997:149) nyebutkeun téhnik dokumentasi nya éta téhnik panalungtikan anu datana tinulis, umpamana catetan, jeung transkrip buku

3.2. Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri. Ieu buku diwangun ku 43 carpon, nya éta (1) ‘Ngalongok Munding’, ‘Bedug ti Nagri Atrak’, ‘Sapi Pelen’, ‘Dirawu Kélong’, ‘Seserahan’, ‘Juang Téja’, ‘Lebaran Poé Jumaah’, ‘Sanés Maling’, ‘Miceun Balas’, ‘Leuwi Ronggég’, ‘Indén Bajigur’, ‘Samping Panyeumpal’, ‘Bangkarak’, ‘Anjing-anjing Nica’, ‘Nu Katunda di Manonjaya’, ‘Dokumén’, ‘Jalan Satapak di Kebon Awi’, ‘Seuweu Pajajaran, Siwi Gunung Jati’, ‘Gara-gara Si Jelug’, ‘Dukun Lepus’, ‘Pista’, ‘Indung Si Enen Gering’, ‘Lini’, ‘Nurustunjung’, ‘Bonéka’, ‘Pangantén Tunda’, ‘Copét’, ‘Koper’, ‘Budak Buncir’, ‘Ngipri’, ‘Dédété’, ‘Neuteuli’, ‘Élodan’, ‘Téang na Hanjuang Siang’, ‘Mimpitu’, ‘Kuntung Gudang Garam’, ‘Mubaligoh’, ‘Di Geusan Ngiuhan’, ‘Minantu’, ‘Ngaheureuyan’, ‘Caladi’, jeung ‘Cangkurileung’. Kandelna 458 kaca, ukuran 14,5 x 21 cm. Diterbitkeun di Bandung, ku penerbit P.T. Kiblat Buku Utama, taun 2005.

Anapon pangna sumber data panalungtikan nu dipilih téh kumpulan carpon *Dukun Lepus*, lantaran dina ieu buku kapanggih rupa-rupa kalimah paréntah, anu eusina ngandung ma’na pragmatis.

Tina éta sumber data dicokot sakabéh kalimah paréntah minangka populasi. Sakabéh kalimah paréntah anu kapanggih dina sumber data dijadikeun sampel. Ku Kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total.

3.3. Padika Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan digunakeun ulikan pustaka. Ari langkah-langkahna ngumpulkeun data kalimah paréntah téh saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun kumpulan carpon nu dijadikeun media pikeun nalungtik kalimah paréntah.
- 2) Néangan kalimah nu aya dina sumber data.
- 3) Nyirian kalimah nu mibanda kalimah paréntah.
- 4) Nyalin kalimah paréntah kana kartu data.
- 5) Nganomeran atawa ngodeuan kartu data.

3.4. Pamekaran Pakakas Panalungtikan

Pakakas ngumpulkeun data (instrumen panalungtikan) anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta sistim kartu data. Dina kartu dipidangkeun (a) urutan abjad alfabétis, (b) kalimah paréntah nu dicutat, (c) sumber cutatan (judul carpon, kaca, paragraf, jeung baris). Cara ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ku jalan nyalin jeung mindahkeun sakabéh kalimah paréntah anu kapanggih tina kumpulan carpon *Dukun Lepus* nu dijadikeun sampel panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, tengetan conto kartu data ieu di handap.

Conto Kartu Data:

KARTU DATA	
C	
	Cik neangan jeruk! (NM/19/21)
Wangun	: Kalimah salancar
Wanda	: Kuantitas
Ma'na Pragmatis	: 'Nitah'
Tahapan Pragmatis	: Lemes

3.5. Padika Ngolah Data

Sabada data kumpul, data diasupkeun kana kartu data. Ari langkah-langkah anu diliwatan pikeun ngolah datana nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Ngadaptarkeun jeung nganomeran data sacara alfabétis.
- 2) Nyieun papasingan kalimah paréntah dumasar kana wangun, wanda, harti, jeung tahapan pragmatisna.
- 3) Ngitung jumlah jeung persentase papasingan kalimah paréntah,
- 4) Ngadeskripsikeun adegan pragmatis kalimah paréntah dumasar kana wangun, wanda, tahapan, jeung hartina.
- 5) Nyieun kacindekan ngeunaan adegan pragmatis kalimah paréntah.